



### **Èske evalyasyon edikatif ak evalyasyon medikal se menm bagay yo ye?**

**Non.** Objektif yon evalyasyon edikatif se pou detèmine kalifikasyon pou sèvis edikasyon espesyal yo. Objektif yon evalyasyon medikal se pou fè yon dyagnostik.

### **Èske yon dyagnostik medikal kapab fè pati yon evalyasyon edikatif?**

**Wi.** Li pa obligatwa pou gen yon dyagnostik medikal anvan ou gen yon evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal. Toutfwa, si yon elèv deja gen yon dyagnostik medikal, lekòl la dwe revize nenpòt evalyasyon li te gen lòt kote. Objektif revizyon sa a se pou detèmine si sa ki rapòte nan evalyasyon ki te fèt lòt kote a mache ak sa ke nou obsève nan anviwònman lekòl la ak/oswa anviwònman natirèl la. Epi tou, ekip la dwe itilize tout enfòmasyon ki te rasanble yo pou detèmine si elèv la reponn kritè pou kalifikasyon edikatif pou otis. Li enpòtan pou sonje ke eleman prensipal yon klasifikasyon pou otis sè ke andikap la afekte aprantisaj elèv la.

### **Èske rezilta medikal ak edikatif yo kapab diferan?**

**Wi.** Dapre diferan kritè ki te itilize yo, li posib ke yon timoun ki te dyagnostike ak yon ASD (twoub otis) ka pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal dapre yon klasifikasyon pou otis. Menm jan an, yon elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal ka pa resevwa dyagnostik medikal dapre yon yon klasifikasyon pou otis.

### **Èske doktè yo kapab rekòmande yon IEP oswa edikasyon espesyal?**

**Non.** Ekip IEP a, ki gen ladann paran yo, timoun ak pwofesyonèl kalifye nan lekòl la, detèmine si timoun nan kalifye pou sèvis edikasyon espesyal ansanm ak bezwen edikatif espesifik elèv la.




### **Pou jwenn plis enfòmasyon:**

**Delaware Department of Education**  
[www.doe.k12.de.us](http://www.doe.k12.de.us)

**Autism Delaware**  
[www.delautism.org](http://www.delautism.org)

**Autism Speaks**  
[www.autismspeaks.org](http://www.autismspeaks.org)

**Centers for Disease Control and Prevention**  
[www.cdc.gov/ncbddd/autism](http://www.cdc.gov/ncbddd/autism)



## **KONPRANN KALIFIKASYON POU SÈVIS EDIKATIF AK DYAGNOSTIK MEDIKAL POU OTIS**

Kisa paran ak founisè nan Delaware yo dwe konnen



## Sa ou dwe konnen

Diferans ak resanblans ant yon klasifikasyon edikatif ak yon dyagnostik medikal pou otis enpòtan pou konprann. Yon klasifikasyon edikatif pou otis egzijje ke andikap la dwe afekte aprantisaj elèv la. Sa se distenksyon fondamantal ki genyen ant yon klasifikasyon edikatif pou otis ak yon dyagnostik medikal. Sepandan, li posib ke yon timoun ki te dyagnostike ak otis ka pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal yo.

### Konprann tèm yo

Lekòl yo itilize tèm **kalifikasyon edikatif** la pou detèmine si yon andikap “afekte negativman pefòmans edikatif yon timoun” dapre Lwa Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo (IDEA) (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) 34 CFR §300.8 ak Kòd Administratif nan Delaware tit 14 kòd Admin DE § 925.6.6. Yo detèmine kalifikasyon an apati de 13 klasifikasyon edikatif yo kote youn ladan yo se otis.

Doktè yo ak founisè swen sante yo itilize tèm **dyagnostik medikal** la pou dekri pwosesis pou detèmine ki kondisyon ki eksplike sentòm ak siy yon moun genyen.

**Distenksyon fondamantal ant kalifikasyon edikatif ak yon dyagnostik medikal se enpak la sou aprantisaj elèv la.**

## Definisyon edikatif: Kalifikasyon ak klasifikasyon edikatif

Pou rive detèmine si yon timoun reponn ak kritè kalifikasyon pou yon klasifikasyon edikatif pou otis, yon ekip nan lekòl la mennen yon evalyasyon nan anviwònman lekòl piblik la. Ekip la ka gen paran an, pwofesè a, sikològ lekòl la, terapet lapawòl la ak lòt moun ladann. Ekip lekòl la itilize kritè yo ki nan IDEA a ak Kòd Administratif Delaware la pou detèmine si yon timoun kalifye pou sèvis edikasyon espesyal dapre yon klasifikasyon otis. Kritè pou yon klasifikasyon pou otis vreman espesifik. Yo egzijje kritè ki anba yo:

- Gwo mank nan entèraksyon sosyal yo;
- Twoub nan kominikasyon ak/oswa
- Modèl konpòtman ki repete

Pou yon timoun ka kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, andikap la dwe lakòz yon enpak **sou aprantisaj elèv la**.

## Èske ou bezwen yon klasifikasyon pou otis pou ka resevwa sèvis edikasyon espesyal?

Se **bezwen elèv** la ki detèmine ki sèvis ak sipò ki nesesè pou elèv sa kèlkeswa elèv la ta kalifye dapre klasifikasyon pou otis la oswa dapre nenpòt lòt klasifikasyon pou andikap. .

Pafwa, yo jwenn ke elèv yo ki pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal ka kalifye pou resevwa aranjman nan yon plan 504.

## Definisyon medikal: Dyagnostik

Pa gen tèss medikal pou dyagnostike Twoub Otis la (ASD). Sepandan, gen kèk tèss medikal ki itilize pou elimine kòz kèk sentòm.

Yon founisè medikal oswa yon ekip pwofesyonèl ki ka ladann sikològ, newològ, sikyat ak/oswa pedyat pou devlopman ki gen konesans ak eksperyans nan dyagnostik ASD a gendwa fè yon evalyasyon medikal .

Manyèl Estatistik ak Dyagnostik Senkyèm Edisyon an (DSM-V) bay kritè espesifik pou yon dyagnostik ASD:

- Yon defisi ki pèsistan nan kominikasyon sosyal ak entèraksyon sosyal yo nan plizyè kontèks.
- Modèl konpòtman, enterè oswa aktivite ki restren, repete
- Sentòm yo dwe prezan nan koumansman peryòd devlopman an
- Sentòm yo lakòz gwo twoub klinik nan domèn sosyal, pwofesyonèl oswa lòt domèn enpòtan moun nan ap fonksyone nan moman an
- Yon andikap entèlektiyèl oswa yon reta nan devlopman global la pa rive pi byen eksplike twoub sa yo

## Poukisa ou bezwen yon dyagnostik ASD?

Yon dyagnostik medikal ka ekate lòt kondisyon medikal kòm yon eksplikasyon pou siy ak sentòm yo, sa ki ka ede pwofesyonèl medikal yo nan rekòmande entèvansyon medikal ki ka benefik epi ka kalifye timoun ou an pou resevwa sèvis ke asirans gendwa kouvri.

### Konpare kalifikasyon edikatif ak dyagnostik medikal

	Klasifikasyon edikatif dapre yon klasifikasyon pou otis	Dyagnostik medikal twoub otis la
Nan ki anviwònman desizyon an te pran?	Anviwònman lekòl piblik la	Anviwònman prive tankou biwo oswa klinik doktè a
Kiyès ki te pran desizyon an?	Ekip lekòl la, sa ki ka gen ladann paran, pwofesè, sikològ lekòl, terapet lapawòl, etc.	Yon pwofesyonèl medikal ki ka gen ladann yon sikològ, newològ, sikyat, pedyat pou devlopman, etc.
Ki kote yo te jwenn kritè yo?	Chita sou lwa eta ak federal (IDEA ak Kòd Administratif DE)	DSM-V
Ki zouti ki te itilize?	Zouti ki te itilize yo ka gen ladann, antrevi, obsèvasyon, entèraksyon dirèk avèk timoun nan ak/oswa evalyasyon estandadize ki chita sou règ yo epi evalyasyon ki te fèt anvan yo.	